



ABAHANUZI BO MW'ISEZERANO RISHASHA



"Hari ingabire zitandukanye ariko Mpwemu azitanga ni umwe. Imirimo ni myinshi ariko Umwami dukorera ni umwe. Ibikorwa vy'Imana ni vyinshi, ariko iyo Mana nyene ni yo ibikorera muri twebwe twese." (1 Korinto 12:4-6)

Kuva kuri Malaki, hachiye imyaka 400 ata jwi ry’umuhanuzi n’umwe ryumvikana mu bantu b’Imana. Kubera ako gacerere, abantu b’Abisirayeli babona ko urutonde rw’Ivyanditswe (ni ukuvuga ibitabu bigize Isezerano rya Kera) rwugawe.

Ariko rero, Imana ntiyagumye icereje igihe kirekire. Igihe kigeze, yarungitse umuhanuzi mushasha: Yohana Umubatizi (Matayo 11:7-9). Kuva ico gihe, abahanuzi bongera kugaragara. Bari bajejwe, mu bindi bikorwa, kwandika Isezerano Rishasha.

None abo bahanuzi n’abahanuzikazi bashasha bari bafise uruhara uruhe? None abo bari bande? Mbega hariho abahanuzi b’ibinyoma, nk’uko vyari mu bihe vy’Isezerano rya Kera?



Uruhara rw’Abahanuzi mw’Isezerano Rishasha



Abahanuzi bo mw’Isezerano Rishasha:



Yesu, umuhanuzi yari yarahanuwe



Intumwa n’abahanuzi



Abahanuzikazi



Abakoranye na Paulo



Abahanuzi b’ibinyoma

URUHARA RW'ABAHANUZI BO MW'ISEZERANO RISHASHA

"Ariko uwuvugishwa n'Imana aba ariko arabwira abantu kugira ngo bakomezwe, baterwe intege bongere birurwe" (1 Korinto 14:3)

Mw'Isezerano Rishasha, ubuhanuzi bwerekanwa nk'ingabire ya Mpwemu Yera, yasutswe ku bwinshi (Rom. 12 :6). Mw'ishengero rimwe hashobora kubamwo abahanuzi benshi cane ku buryo bategerezwa gukurakuranwa mu kuvuga (1 Kor. 14 :29-31).

Ni uruhe ruhara abo bahanuzi bagize ? (Ivyah. 19 :10 ; 1 :1 ; Ef. 4 :11-12 ; 1 Kor. 14 :3 ; Ivyak. 15 :32).

Intumbero yabo
nyamukuru yari iyo
kuyobora abantu kuri
Yesu

Gushingira
intahe Yesu



Zahishuye ibintu
vyabaye gushika no
muri iki gihe

Kumenyesha
kazoza



Kugira ngo bubake
ishengero rikomeye
rishobora guhangana
n'ibitero vy'umwansi

Ukwubaka



Kumenyesha icaha,
kugira ngo abantu
bihane


Guhimiriza




Yuda na Sila
barungitswe mu
mashengero ku bw'iyo
ntumbero yihariye

Kuremesha





**ABAHANUZI BO
MW'ISEZERANO
RISHASHA**



YESU, UMUHANUZI YARI YARAHANUWE

"T Uhoraho Imana yanyu azobahagurukiriza uvugishwa na we ameze nkanje, ava muri mwebge, mu b'i wanyu: az' abe ari we mwumvira." (Gusubira mu vyagezwe 18:15)

Yesu yafatwa nk'umuhanuzi n'abantu bo mu gihe ciwe (Mt. 21, 11 ; Mk. 6, 15 ; Lk. 7, 16 ; Yoh. 6, 14).

Na we ubwiye yariyitiriye iryo zina (Mr. 6, 4 ; Lk. 13, 33).

Petero yasobanuye neza ko Yesu ari we Muhanuzi/Mesiya yavuzwe na Mose hamwe n'abandi bahanuzi (Gus. 18 :15 ; Ivyak. 3 :18-26).

Ariko Yesu ntiyanditse ijambo ry'Imana, ahubwo ni JAMBO (Yohana 1 :1).



Si "umuco umurikira ahantu h'umwiza" gusa, nk'uko abandi bahanuzi bari, ariko ni UMUCO (2 Petero 1 :19 ; Yoh. 1 :9 ; 8 :12). Ibikorwa vyiwe birarengeye ivy'umuhanuzi uwo ari we wese. Yesu ni we wenyene ashobora kuduha ubuzima budashira twese kubera ubuzima bwiwe, urupfu rwiwe n'ukuzuka kwiwe.



INTUMWA N'ABAHANUZI

"ryari ryarahishijwe abantu bo mu bihe bitandukanye vyarenganye ariko ubu rikaba ryahishuwe na Mpwemu arihishurira intumwa n'abavugishwa bera b'Imana." (Efeso 3:5)

Intumwa n'abahanuzi bo mw'Isezerano Rishasha bafise vyo bahuriyeko:

Ni abantu batumwe n'Imana (Lk. 11:49)



Bahabwa ingabire zo kurongora ishengero (1 Kor. 12:28-29; Ef. 4:11-12)



Ni bo mushinge w'ishengero (Ef. 2, 20)




Bahabwa amayerekwa (Ef. 3 :5)



Banezererw a ubugororotsi (Ivyah. 18:20)

Iyo bavugiwe hamwe, intumwa zibanziriza abahanuzi (kiretse muri Luka 11 :49). Petero agereranya intumwa n'abahanuzi ba kera (2 Petero 3 :2).

Intumwa zashinzwe mu buryo budasanzwe kuba ivyabona vy'ukuzuka na Yesu ubwiwe (Ivyakozwe n'intumwa 10 :40-41).




Isezerano Rishasha rivuga abahanuzi benshi, bamwe bavugwa mu mazina : Barunaba (intumwa), Simoni, Lukiyosi, Manayeni, Sawuli (intumwa), Yuda, Sila na Agabo (Ivyak. 11 :27 ; 13 :1 ; 15 :32 ; 19:6-7 ; 21 :10).



ABAHANUZIKAZI

"[Filipo umuvugabutumwa] Yari afise abakobwa bane batararongorwa, bafise ingabire yo kuvugishwa n'Imana" (Ivyakozwe 21:9)



Umuhanuzikazi umwe rudende avugwa mw'izina mw'Isezerano Rishasha ni Ana, "yabwira abari biteze ugucungurwa kwa Yerusalemu bose inkuru z'uwo mwana [Yesu]" (Luka 2 :36-38).

Abakobwa bane ba Filipo umuvugabutumwa na bo nyene bararonse ingabire yo kuvugishwa (Ivyak. 21 :8-9).

Ikindi, kuvugishwa kuravugwa nk'ingabire rusangi, haba mu bagore canke mu bagabo (1 Kor. 11 :4-5).

Yoweli yamenyesheje imbere y'igihe ko Mpwemu Yera azokora kugira ngo abahungu, abakobwa, abasaza, abasore, abasuku n'incoreke bavugishwe (Yoweli 2 :28-29).



ABAKORANYE NA PAWULO

"Timoteyo, mwana wanje, izi ni zo mpanuro ndaguhaye, mfatiye ku majambo yigeze kukuvugishwako, kugira ngo niwazikurikiza uze ugwane intambara nziza" (1 Timoteyo 1:18)

Uretse intumwa, abahanuzi n'abahanuzikazi, hari n'abafasha Paulo bavugwa bari bafise ingabire yo kuvugishwa nka Sila na Barunaba:



TIMOTEYO



Ihamagarwa ryiwe mu gikorwa ryari ryarahanuwe (1 Tim. 1 :18). Yari uwufadikanije na Paulo mu kwandika amakete : 2 Ab'i Korinto (2 Kor. 1 :1) ; Ab'i Filipi (Fil. 1 :1) ; Ab'i Kolosayi (Kol. 1 :1) ; 1 Ab'i Tesalonike (1 Tes. 1 :1) ; 2 Ab'i Tesalonike (2 Tes. 1 :1) ; na Filemoni (Fil. 1, 1).

TITO



Yaranguye amabango menshi mu gikorwa co kuba umuhanuzi, nko gushinga intahe (2 Kor. 8 :6) ; uguhanura (Tito 2 :6, 9, 15) ; no gutera intege (2 Kor. 7 :13)

ABAHANUZI B'IBINYOMA

"Bakundwa, ntimukizere abantu bose bavuga ko bavugishwa. Ariko mubageze kugira ngo murabe ko impwemu ibakoresha iva ku Mana. Kuko hari abavugishwa b'ibinyoma benshi bakwiragiye mw'isi." (1 Yohana 4:1)

Yesu yaragabishije ko hazokwaduka abahanuzi b'ibinyoma, abo yise "amabingira y'inkazi" (Mt. 24, 24 ; 7, 15). Abo bahanuzi b'ibinyoma batanguye kwibonekeza no mw'ishengero rya mbere (1 Yoh. 4, 1).

Paulo yaburiye abazewashengero bo muri Efeso yuko "amabingira y'inkazi" azokwaduka hagati muri bo (Ivyak. 20 :29).


Yaragabishije Abanyakorinto ku bijanye no kwigaragaza kw' "intumwa z'ibinyoma" (2 Ab'i Korinto 11 :13).

Ubuhanuzi bw'ukuri buhuza n'Ijambo ry'Imana, bukwerekeza kuri Kristo, bukaba bwubaka ishengero, mu gihe abahanuzi b'ibinyoma bateza imbere inyigisho zicanishamwo abantu n'ukwikunda.

Twebwe abizera duhamagarirwa gusuzuma abahanuzi no kumenya neza ko ubutumwa bwabo bwose buhuye n'Ivyanditswe kandi intimatima yabwo ishingiye kuri Kristo.



Uburyo bumwe rudende bwo kwikingira abahanuzi b'ibinyoma (n'ububasha bubi bubayobora) ni ukwambara ibirwanisho Imana yaduteguriye (Ef. 6 :10-18).



“Abakurambere, abahanuzi n’intumwa bavuga nk’uko bahagurukijwe na Mpwemu Yera, kandi bavuze beruye ko batavuze n’ububasha bwabo bwite, canke mw’izina ryabo bwite. Bashaka ko ata n’umwe abaha icubahiro, ngo ntihagire uwubabona ko ari bo nkomoko ikintu cose cobatera kwirata. Bari bafise ipfuhe ry’icubahiro c’Imana, yo ibereye amashimwe yose. Bemanga ko ubushobozi bwabo n’ubutumwa bazana babihabwa nk’intumwa kubw’ububasha bw’Imana. Imana ni yo yari ibabereye umuyobozi no kunyurwa kwabo.”

UMUGEREKA: INGINGO Z'INGENZI MU GIKORWA CA ELLEN G. WHITE

Igikorwa ca Ellen G. White cari gifise ibintu bibiri vy'ishimikiro : kuzana abantu kuri Yesu ; no kwerekeza ivyiyumviro vyabo kuri Bibiliya.

UMUGAMBI WA MBERE: YESU

Inyuma y'ikoraniro ryo mu 1888, igihe yabazwa ivyerekeye ingingo zaganiriweko, yarishuye ati : “Namaze imyaka 45 ndayibashikiriza, ni ukuvuga uburanga butagereranywa bwa Kristo” (Sermons and Talks, vol. 1, p. 116) .



UMUGAMBI WA KABIRI: BIBILIYA

Ellen ntiyigeze avuga yuko ivyo yanditse biruta Bibiliya, ahubwo yama ahimiriza ko bisuzumirwa kuri yo. Nk'intumwa y'Uhoraho, yabifata nk'aho ari “umuco mutoyi” uyobora abantu ku “muco munini,” ni ukuvuga Bibiliya (Ubutumwa Bwatoranijwe, vol. 3, p. 29).

